




Timoun bourik la

- ✎ Lindiwe Matshikiza
- ✉ Meghan Judge
- 💻 ACE Haiti-University of Notre Dame USA
- 🔊 3
- 💬 krèyol ayisyen ht



Se te yon ti fi ki te wè an premye yon fòm dwòl nan distans lan.



Plis fòm nan tap vanse plis li wè ke se yon madanm
gwo vant anpil kap mache sou yo.



Ti fi a te timid men li te brav tou, li proche pi pre madanm nan. Moun yo ki te avèk li deside "Fòke nou kenbe li avèk nou," Nou pral mete'l ak ptit li nan sekirite."



Madanm nan kòmanse gen tranche. "Pouse!" "Pote kouvèti!" "Dlo!" "Pouuuuuussssee !!!"



Men lè yo wè ti bebe a, yo tout sezi "Yon bourik?"



Moun yo kòmanse diskite. "Nou te di nou tap kenbe manman an ak tout ptit li an sekirite kidonk se sa nou pral fè". Men kèk lòt moun di "Bagay sa a pral bannou devenn!"



Se konsa, manman an vin jwenn li pou kont li ankò.
Li pate konnen kisa pou'l te fè ak pitit dwòl sa a, kisa
pou'l fè ak tèt li.



Li reyalize finalman ke se pitit li e ke li se manman an.



Si ptit la pate grandi sa pa ta yon pwoblèm men ptit lan kòmanse grandi, grandi jis li pa te kapab rete sou do manman'l ankò. Malgre tout sa li fè li pat kapab aji tankou yon moun. Manman an te fatige ak tris toutan. Gen defwa li fè timoun lan travay tankou yon bêt.



Bourik lan kòmanse fache. Li pat ka fè yon pa kita yon pa nago. Yon jou, li te si tèlman fache ke li jete manman'l atè anba kout pye.



Bourik la vin wont sa'l fè a enpi li tonbe kouri, kouri,
kouri.



Lannwit tonbe, bourik la pèdi. "Hi han?" li di tou banan fè nwa a. "Hi han" li tandé vwa li ap repete. Li te pou kont li. Li mete kò li tankou yon boul enpi li tonbe dòmi ajite.



Lè li leve li wè yon mesye dwòl kap fikse li. Li gade gramoun nan nan je enpi li kòmanse santi yon ti espwa.



Bourik lan ale rete kay granmoun nan ki aprann li plizyè jan pou li degaje'l viv. Bourik lan koute, li aprann e li fè sa granmoun nan di li. Yonn ede lòt enpi yo ri ansanm.



Yon maten, gramoun nan mande bourik la pou li
pote'l sou tèt yon mòn.



Grammoun lan ak bourik lan tonbe dòmi sou tèt mòn sa a. Bourik lan reve ke manman'l te malad, li tap rele li. Lè li leve ...



... nyaj yo te disparèt ansanm ak granmoun lan.

Kidonk, Bourik la te konnen sa pou'l te fè.





Li jwenn manman li kite pou kont li ak anpil lapenn. Yo gade yon lòt nan grenn je pandan yon bon moman enpi manman louvri de bra li pou'l akeyi pitit li.



Bourik la ak manman'l grandi ansanm enpi piti piti lòt moun nan fanmi an vin kòmanse viv nan zòn la.



Global Storybooks

globalstorybooks.net

Timoun bourik la

-pencil icon Lindiwe Matshikiza

person icon Meghan Judge

document icon ACE Haiti-University of Notre Dame USA

